



Pou Piblikasyon Imedya: 01/07/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN YON LWA POU ENTÈDI ANPLWAYÈ PIBLIK YO PENALIZE ANPLWAYE KI ABSAN AKOZ COVID-19

Nouvo lwa a pwoteje anplwaye piblik yo kont revokasyon e kont lòt mezi disiplinè ki defavorab poutèt yo pran konje maladi oswa konje konpansatwa

Li apiye sou lwa Gouvènè a siyen an pou bay anplwaye pwoteksyon akòz COVID

Jodiya, Gouvènè Andrew M. Cuomo siyen lwa (S.4201-A/A.4063) pou entèdi anplwayè piblik yo penalize anplwaye ki pran konje maladi oswa konje konpansatwa pou mete tèt yo an karantèn, pou chèche tretman medikal oswa pou lòt absans ki gen rapò ak yon dyagnostik COVID-19 oswa paske yo te an kontak ak yon moun ki gen COVID-19.

Men deklarasyon Gouvènè Cuomo te fè: "Depi nan kòmansman kriz nasyonal sanitè piblik sa a, nou te fè tout sa ki posib pou n pwoteje Nouyòkè sa yo ki te oblije fè sakrifis pou fè fas ak difikilte COVID lakoz yo." "Yo pa dwe penalize pèsòn poutèt absans nan travay akòz COVID, e dapre nouvo lwa sa a, chak anplwaye piblik ki nan eta nou an pral jwenn pwoteksyon yo merite - alòs yo pa dwe sibi konsekans enjis paske yo te fè sa ki te nesèsè pou pwoteje tèt yo ak pwòch yo."

Nouvo mezi sa a apiye sou lwa Gouvènè Cuomo siyen pou pwoteksyon akòz COVID pou anplwaye, sa enkli konje peye ki garanti pou Nouyòkè ki nan karantèn obligatwa oswa nan karantèn prevantif akòz COVID yo ak yon konje ki garanti pou yo resevwa vaksen an.

Senatè Diane Savino te deklare, "Pou kèk travayè, ide travay adistans lan pa anvizajab, menm pandan pandemi COVID-19 la. Mendèv esansyèl nou yo, premye entèvenan nou yo -- lapolis, ponpye, anplwaye swen sante ak sèvis koreksyonèl yo -- pa ka fè li pa entènèt tousenpleman. Se rezon ki fè sa te choke nou lè nou te aprann ke aktyèlman Depatman Penitansye Vil New York la te sanksyone pwòp anplwaye li yo poutèt yo suiv règ ke nou menm nou adopte isit la nan Eta New York. Yo te deklare uit san katreven trèz ajan koreksyon ki te teste pozitif e ke yo te fòse pran konje maladi yo a pou konfòme yo ak egzijans ke Depatman Sante a te etabli, kòm absan regilyèman. Desizyon sa a konsidere kòm yon mezi disiplinè negatif ki antre ann aplikasyon apre ke yon ajan koreksyon te absan pandan 11 jou travay - yon desizyon ki kapab afekte salè yo, pwomosyon yo, lè travay yo epi fè anpil nan yo parèt vilnerab pou revokasyon. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo dèske li siyen pwojè lwa sa a epi m ap voye yon mesaj klè

bay tout anplwayè piblik, pou fè yo konnen ke nou p ap tolere jan de aksyon pinitiv sa yo kont anplwaye ki vin travay e ki suiv lwa ak règleman nou ekri yo."

Men deklarasyon manm asanble a, Peter Abbate te fè: "Mwen kontan tandè ke Gouvènè a ap siyen pwojè lwa mwen an ki pral pwoteje anplwaye piblik ki te tonbe malad pandan pandemi kowonaviris la oswa ki te vin an kontak ak yon moun ki gen COVID-19. Kounye a, anplwaye sa yo kapab santi yo ansekirite pandan y ap pwoteje sante yo, sante fanmi yo ak sante kolèg travay yo san krent pou yo pa sibi reprezay."

Prezidan COBA, ki se Benny Boscio Jr. te deklare: "Nan non tout ajan koreksyon esansyèl nou yo nan Vil New York ki te sèvi vil nou an ak bravou pandan pandemi COVID-19 la, sa ki te reprezante yon pwa lou pou manm nou yo, mwen remèsye Gouvènè Andrew M. Cuomo dèske li siyen lwa istorik sa a jodiya k ap anpeche anplwayè piblik yo, tankou Depatman Penitansye Vil New York la, pou yo pa pran okenn mezi disiplinè ak vanjans kont anplwaye piblik yo pou absans yo akòz COVID-19. Lwa sa a pral korije enjistis ke plis pase 800 manm nou yo ap sibi, ke yo te pini akòz yo pran konje maladi poutèt sentòm yo genyen ki gen rapò ak COVID-19. Mwen vle eksprime tou rekonesans pwofon nou vizavi Senatè Diane Savino ak Manm Asanble Peter Abbate dèske yo te akonpanye nou nan batay sa a epi ke yo te fè avanse lwa sa a trè rapid nan Sena ak nan Asanble a."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)